

CenterWell ACE

Otorizasyon pou Divilge epi Rekipere Enfòmasyon Bay/Nan Men Sistèm Echanj Enfòmasyon sou Sante yo (Health Information Exchanges, HIEs)

SÈLMAN POU PASYAN NAN NEVADA

Non Pasyan an: _____ Dat Nesans: _____
Adrès: _____

Kiyès ki Kapab Divilge epi Rekipere Enfòmasyon m yo:

Lè mwen siyen fòm sa a, mwen otorize antite CenterWell ACE yo, tankou CenterWell Senior Primary Care ak Conviva Care Centers (yo tout ansanm, “CenterWell”), pou yo echanje enfòmasyon pwoteje sou sante m yo (protected health information, PHI) sou pwent elektwonik atravè sistèm echanj enfòmasyon sou sante yo (HIEs) nan nivo lokal, rejyonal ak eta a. CenterWell ka divilge epi rekipere enfòmasyon pwoteje sou sante (PHI) bay oswa nan men lòt pwofesyonèl swen sante, òganizasyon swen sante, lopital, laboratwa, radyolojis, ak famasi ki patisipe nan sistèm echanj enfòmasyon sou sante yo (HIEs). Mwen konprann sistèm echanj enfòmasyon sou sante yo (HIEs) obligatwa pou kenbe pwoteksyon ki apwopriye pou pwoteje konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon pwoteje sou sante m yo (PHI) epi se sèlman moun ki otorize ki ka jwenn aksè ak enfòmasyon sou sante m yo nan sistèm echanj enfòmasyon sante a (HIE).

Avantaj Sistèm Echanj Enfòmasyon Sante yo (HIEs):

- Pèmèt pwofesyonèl swen sante w yo jwenn aksè san pèdi tan ak enfòmasyon pwoteje sou sante w yo (PHI) pou yo ka ba ou pi bon swen posib. Sa a pi bon parapò ak metòd tradisyonèl yo tankou telefòn, faks, oswa pa lapòs—ki kapab ralanti desizyon sou swen sante w yo.
- Ofiramezi enfòmasyon w yo vin disponib, sistèm echanj enfòmasyon sou sante a (HIE) pral voye enfòmasyon w yo bay pwofesyonèl swen sante w yo. Yon istwa medikal ki konplè pèmèt pwofesyonèl swen w lan fè chwa ki korèk epi ki pi rapid lè y ap ba w swen.
- Lè pwofesyonèl swen w yo pataje istwa medikal ou, yo ka jere swen w pi byen. Espesyalis yo ap jwenn enfòmasyon yo bezwen pi vit. Estaf sal dijans lan kapab pran swen w menm si ou pa kapab reponn kesyon.
- Li retire pratik ki fatigan tankou tès ki pa nesèsè oswa ki fèt plizyè fwa, pou pote rezilta radyografi oswa rezilta lòt tès pou yon randevou referans, epi pou sonje istwa medikal ou oswa lis medikaman w ap pran aktyèlman yo.

Kisa yo Kapab Divilge – Tanpri li ak anpil atansyon

Tout enfòmasyon ki gen rapò ak sante m CenterWell kolekte oswa kenbe. Sa a ka gen ladan men se pa sa yo sèlman: nòt sou pwogrè yo; enfòmasyon sou asirans oswa reklamasyon; plan tretman; pwosedi; laboratwa; imaj (radyografi, elektwokadyogram, elatriye); vaksen; ak enfòmasyon sou famasi oswa sou preskripsyon. **Mwen konprann epi mwen deklare lè m bay konsantman m epi mwen siven fòm sa a, mwen bay von konsantman ki dirèk epi ki baze sou enfòmasyon mwen genyen pou yo divilge tout enfòmasyon sansib ki kapab genyen nan dosye sa yo, tankou, men se pa sa yo sèlman: maladi moun ka bay oswa moun ka pran nan fè sèks; VIH oswa SIDA, (ki gen ladan rezilta tès ak tretman); sibstans, alkòl, oswa abi dwòg; pwoblèm sante mantal (yo), andikap devlopman, ak sante konpòtman (sof nòt sikoterapi yo), tankou entènè lopital akoz pwoblèm sante fizik oswa pwoblèm sante mantal; tès oswa enfòmasyon jenetik; ak lòt pwoblèm sante ki gen rapò yo.**

Objektif: Objektif otorizasyon sa a se pèmèt echanj enfòmasyon pwoteje sou sante (PHI) sou plan elektwonik atravè sistèm echanj enfòmasyon sou sante yo (HIEs). Sa a pral pèmèt pwofesyonèl swen sante ki nan CenterWell oswa ki deyò kapab jwenn enfòmasyon sa yo pou tretman, pèman, ak operasyon swen sante. Epi sa a ap fèt jan lalwa pèmèt oswa mande sa a. Yo pa kabab itilize otorizasyon sa a pou okenn objektif lalwa entèdi, tankou, san okenn limit, diskriminasyon lalwa federal ak lalwa eta entèdi.

Ekspirasyon: Otorizasyon sa a valab jiska lè pasyan mouri, oswa **36 mwa** apre dat li te siyen otorizasyon an, toudepan de sa a ki rive anvan.

Fè Yon Ti Kwa nan Youn nan Kaz Sa a yo

MWEN DAKÒ:

-OSWA-

Si w fè chwa sa a, ou bay tout manm sistèm echanj enfòmasyon sou sante yo (HIE) ki fè pati ekip swen medikal ou a (ki nan CenterWell oswa ki deyò) pèmasyon pou yo wè istwa medikal ou sou fòm elektwonik.electronically.

MWEN PA DAKÒ:

-OSWA-

Si w fè chwa sa a, ekip swen medikal ou a (ki nan CenterWell oswa ki deyò) pa kapab pataje enfòmasyon w yo youn avèk lòt atravè sistèm echanj enfòmasyon sou sante yo (HIEs), Yo pa kapab fè sa a menm nan ka ijans.

MWEN DAKÒ SÈLMAN NAN KA IJANS

Si w fè chwa sa a, ekip swen medikal ou a (ki nan CenterWell oswa ki deyò) pa kapab wè enfòmasyon pwoteje sou sante w yo (PHI) nan sistèm echanj enfòmasyon sou sante a (HIE) sof si gen yon ka ijans.\ Yon ijans se yon ka kote genyen yon risk imedyat pou sante w, tankou yon maladi ki grav anpil. zo kase, pèdi konesans.

MWEN KONPRANN:

- Konsantman alekri ki baze sou enfòmasyon yo valab jiskaske yo anile l. Mwen ka anile konsantman m nan nenpòt lè epi pou nenpòt rezon lè m bay CenterWell yon avi alekri anilasyon an. CenterWell dwe voye anilasyon an bay sistèm echanj enfòmasyon sou sante yo (HIE).
- Siyen otorizasyon sa a se yon bagay **volontè**. Yo pa pral konsidere desizyon m pou mwen siyen fòm sa a kòm kondisyon pou yo pran desizyon sou tretman, pèman, enskripsyon, oswa kalifikasyon.
- Moun ki resevwa enfòmasyon yo divilge yo dapre otorizasyon sa a kapab divilge enfòmasyon sa yo ankò. Akoz de sa a, lwa sou konfidansyalite federal ak eta yo kapab pa pwoteje enfòmasyon sa yo ankò.
- Lè w refize siyen fòm sa a, sa a pap anpeche yo divilge enfòmasyon pwoteje sou sante lalwa pèmèt yon lòt fason san yon otorizasyon oswa yon pèmasyon espesifik.

OTORIZASYON SIYATI: Mwen te li fòm sa a epi mwen dakò pou yo itilize, bay otorizasyon pou yo divilge, epi divilge enfòmasyon pwoteje sou sante m jan yo dekri sa a.

Siyati Pasyan oswa Reprizantan ki Otorize Legalman*

Dat

Non Reprizantan ki Otorize Legalman Ekri ak Lèt Detache (Si Sa a aplikab)

Dat

*Si w se reprizantan, dekri otorite ou genyen pou aji pou moun sa a epi bay nenpòt dokiman ki koresponn (responsab legal, pwokirasyon, reprizantan pou swen sante, elatriye): _____